



Pou Piblikasyon Imedya: 21/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

ANVAN SEZON KANPIN LAN, GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU 53 MILYON DOLA KI SOTI NAN BIDJÈ ANE 2025 LAN POU AMELYORE SEKIRITE PIBLIK NAN PAK ETA NEW YORK YO

Finansman pou sipòte Amelyorasyon Sekirite konplè nan Pak Eta yo ak teren kanpin yo

Amelyorasyon sekirite pou enkli amelyorasyon nan kloti ak ekleraj ansanm ak enstalasyon kamera ak rekonesans plak lisans

Gouvènè Hochul lanse tou kanpay sekirite piblik gad jèn pou raple timoun yo enpòtans sekirite pèsonèl yo

Imaj siyalizasyon kanpay la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a mete aksan sou jiska 53 milyon dola ki te garanti nan Bidjè Ane Fiskal 2025 la pou amelyore sekirite piblik nan Pak Eta New York yo. Finansman sa a pral sipòte amelyorasyon sekirite alavni nan Pak Eta yo ak teren kanpin yo, ki gen ladan amelyorasyon nan kloti ak ekleraj ansanm ak enstalasyon kamera sekirite ak sistèm rekonesans plak machin yo. Gouvènè a te anonse tou lansman yon kanpay edikasyon sekirite "Gad Jèn" (Junior Ranger) nan Pak Eta New York ete sa a pou raple timoun yo twa konsèp debaz sekirite pèsonèl yo: itilize yon sistèm zanmi pandan y ap eksplòre deyò; pataje plan yo ak yon adilt yo fè konfyans; epi mande anplwaye pak yo èd si yo bezwen li.

"Pandan plis moun vizite Pak Eta New York yo, nou pran angajman pou asire pwoteksyon ak sekirite chak vizitè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sekirite Nouyòkè yo se premye priyorite mwen. Atravè kanpay edikasyon sekirite sa a ak amelyorasyon enpòtan sekirite sa yo, nou pral ede anpeche ensidan rive epi asire nou pare pou reponn nenpòt sityasyon ijans."

Tout anplwaye operasyon pak yo pral resevwa yon nouvo fòmasyon konplè sou angajman vizitè aktif yo, entèvansyon pou moun ki disparèt yo ak konsyantizasyon sou trafik moun. Apati yon fòmasyon pou moun ki disparèt pou Gad Pak la, fòmasyon an pral ankouraje tout anplwaye yo vin pi vizib pou kliyan yo epi li pral asire ke tout moun k

ap travay nan wòl piblik yo enfòmè sou fason pou yo jere sityasyon moun ki disparèt yo epi chèche siy trafik moun.

Nan planifikasyon pwojè amelyorasyon sekirite yo, Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York analize done prezans, kondisyon sit, ak apèl sèvis nan pak atravè eta a. Ajans lan te idantifye plis pase 90 pwojè teknoloji potansyèl yo, ki gen ladan enstalasyon sistèm rekonesans plak machin ak kamera sekirite nan enstalasyon yo, ak amelyorasyon enfrastrikti koneksyon rezo pou sipòte itilizasyon yo ansanm ak plis pase 20 pwojè pou enstale kloti ak ekleraj.

Pwogram Gad Jèn lan pral prezante pèsonaj desen anime ki pral ranfòse twa konsèp sekirite debaz yo. Y ap afiche siy nan tout teren kanpin yo, sant lanati, lakou rekreyasyon ak pisin. Pou konstwi konfyans ak devlope relasyon ak anplwaye yo, yo ankouraje timoun yo mande Gad Pak yo pou otokolan yo. Pwogram sa a pral kontinye grandi pou l vin tounen yon pwogram konsyantizasyon sou sekirite lwazi konplè pou timoun ak fanmi yo, avèk pwogram edikatif ak yon eleman entènèt.

Komisè Enterimè Biwo Pak, Lwa ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la, Randy Simons, te deklare "Sekirite vizitè yo se pi gwo enkyetid nou, epi anplwaye ajans yo te travay avèk dilijans tout sezon ivè pou planifye pwojè sa yo. Nou espere ajoute pwogram Gad Jèn nan òf edikatif nou yo nan pak nou yo. Nou gen konfyans ke amelyorasyon sekirite yo pral pwoteje teren kan nou yo pandan y ap prezève valè eksperyans kan Nouyòkè yo."

OPRHP ap akselere tou orè akademi fòmasyon lapolis pak pou ranfòse ran lapolis pak yo. Nan kòmansman mwa avril la, 20 ofisye te gradye nan akademi an epi yo aktyèlman angaje yo nan misyon sou teren atravè eta a pou konplete fòmasyon yo anba direksyon yon ofisye ki gen eksperyans. Pwochen akademi fòmasyon an ap kòmanse nan mwa jen, epi ap dire sis mwa.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye lwazi, teren gòlf, lansman bato ak plis ankò, ki te gen yon rekò 84 milyon vizit an 2023. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje aplikasyon gratis NY State Parks Explorer oswa rele 518.474.0456. Patisipe ak nou nan selebrasyon santènè nou an pandan 2024, epi konekte avèk nou sou Facebook, Instagram, X (ansyen Twitter) ak Blog OPRHP a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)